

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu dipedar dina bab IV, kacindekan tina ieu panalungtikan patalina jeung kecap serepan dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* nyoko kana opat hal, nyaéta (1) asal basa kecap serepan, (2) prosés nyerep kecap serepan, (3) wangun kecap serepan, jeung (4) harti kecap serepan. Dumasar hasil analisis, tina 39 judul fiksimini kapanggih 276 data kecap serepan kalawan frékuénsi anu béda-béda jeung papasinganana dipedar saperti ieu di handap.

Kahji, asal basa anu diserep tina basa Sunda téh asalna tina basa kosta, basa Indonésia, jeung basa dulur kapuluruh aya 12 sumber basa, nyaéta (1) basa Arab, (2) basa Indonésia, (3) basa Sansakerta, (4) basa Walanda, (5) basa Inggris, (6) basa Jawa, (7) basa Kawi, (8) basa Portugis, (9) basa Perancis, (10) basa Latin, (11) basa Malayu, jeung (12) basa Spanyol. Dumasar hasil pedaran, asal basa anu diserep kana basa Sunda umumna tina basa Arab (97 kecap serepan), basa Indonésia, jeung basa Sansakerta (masing-masing 48 kecap serepan). Ari sumber basa anu diserep kana basa Sunda anu pangsaeutikna nyaéta basa Malayu jeung basa Spanyol anu masing-masing sakecap. Sésana kecap serepan anu diserep tina basa Walanda (32 kecap), basa Inggris (23 kecap), basa Jawa (11 kecap), basa Kawi (6 kecap), basa Portugis (5 kecap), basa Perancis, jeung basa Latin (masing-masing 2 kecap).

Kadua, prosés nyerep kecap serepan dina ieu panalungtikan téh ngaliwatan 9 prosés, nyaéta (1) adaptasi; (2) réduksi; (3) adisi; (4) monoftongisasi; (5) disimilasi; (6) anaptiksis; (7) analogi; (8) haplologi; jeung (9) métatésis. Prosés nyerep kecap serepan umumna ngaliwatan prosés adaptasi (135 kecap) jeung réduksi (30 kecap). Prosés adaptasi téh ngawengku prosés adaptasi sacara fonologis (113 kecap) jeung sacara morfologis (22 kecap). Prosés réduksi ogé ngawengku tilu rupa, nyaéta sirnapurwa (4 kecap), sirnamadya (23 kecap), jeung sirnawekas (3 kecap). Ari prosés nyerep kecap serepan anu pangsaeutikna téh ngaliwatan anaptiksis, analogi, haplologi, jeung métatésis anu masing-masing sakecap. Sésana ngaliwatan prosés adisi (15 kecap), monoftongisasi (4 kecap), jeung disimilasi (2 kecap). Satuluyna

ieu prosés nyerep ngaliwatan adisi téh ngawengku swarabakti tengah (10 kecap) jeung swarabakti ahir (5 kecap).

Katilu, wangun kecap serepan anu kapaluruh dina ieu panalungtikan téh aya lima jenis, nyaéta (1) kecap salancar, (2) kecap rundayan, (3) kecap rajékan, (4) kecap kantétan, sarta (5) kecap wancahan. Wangun kecap serepan anu kapanggih téh umumna kecap salancar (174 kecap) anu ngawengku kecap salancar saengang (2 kecap), kecap salancar dua engang (103 kecap), kecap salancar tilu engang (4 kecap), jeung kecap salancar lima engang (2 kecap). Ari wangun kecap serepan anu pangsaeutikna nyaéta kecap rajékan (6 kecap) anu ngawengku kecap rajékan dwi murni (2 kecap), kecap rajékan dwipurwa (2 kecap), kecap rajékan dwi purwa binarung rarangkén tukang -an, jeung kecap rajékan dwi murni binarung rarangkén barung sa—na anu masing-masing sakecap. Sésana kecap serepan wangun rundayan (76 kecap) anu ngawengku rarangkén hareup (27 kecap), rarangkén tengah (2 kecap), rarangkén tukang (31 kecap), rarangkén barung (5 kecap), sarta rarangkén gabung (11 kecap). Dumasar data jenis rarangkén dina kecap serepan anu kapanggih téh aya 21, nyaéta rarangkén (1) di-, (2) N-, (3) ka-, (4) pang-, (5) sa-, (6) -um-, (7) -al, (8) -an, (9) -ana, (10) -na, (11) -keun, (12) ka—an, (13) pa—an, (14) sa—na, (15) di- + -an, (16) di- + -keun, (17) ka- + -keun, (18) N- + -keun- + ana, (19) N- + -na, (20) N- + -keun, (21) -eun- + -na. Satuluyna aya ogé kecap kantétan (10 kecap) jeung kecap wancahan (10 kecap).

Kaopat, harti kecap serepan dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* kapanggih 267 kecap serepan anu mibanda harti inhéren. Ieu harti kecap téh nyoko kana harti inhéren anu nyangkaruk dina warna kecap lulugu, nyaéta (1) kecap serepan harti inhéren barang ngawengku harti anu nuduhkeun jalma, tempat, ngaran lembaga, zat jeung babarangan, hal, panggolong, jeung waktu; (2) kecap serepan harti inhéren pagawéan ngawengku harti anu nuduhkeun kalakuan jeung prosés; (3) kecap serepan harti inhéren sipat ngawengku harti anu nuduhkeun miindra (persépsi), watek, rasa, jeung kaayaan; sarta (4) kecap serepan harti inheren bilangan ngawengku harti anu nuduhkeun tahapan jeung jumlah. Kecap serepan harti inhéren barang umumna anu réa kapanggih tina data (200 kecap). Ari harti inhéren anu pangsaeutikna nyaéta kecap serepan harti inhéren bilangan (3 kecap). Sesana aya

kecap serepan harti inhéren pagawéan (48 kecap) jeung harti inhéren sipat (16 kecap).

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis kecap serepan, ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh kabasaan, utamana dina widang léksikosémantik. Satuluyna, kecap serepan bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé pikeun ngungkabkeun hiji maksud, konsép, hal, atawa barang sarta pikeun kagiatan komunikasi anu kecapna can dipikawanoh dina basa Sunda. Munculna kecap serepan basa Sunda anu diserep tina basa séjén alatan pangaruh globalisasi jeung média sosial bisa nambahan kecap anyar, ku kituna ieu panalungtikan ogé nambahan kabeungharan kandaga kecap basa Sunda. Salian bisa ngagunakeun kecap serepan anu geus aya, ieu panalungtikan téh bisa nambahan pangaweruh ngeunaan asal-usul basana.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar, aya sawatara rékoméndasi anu perlu ditepikeun, nyaéta

- 1) Ieu panalungtikan téh sumberna tina fiksimini anu aya dina média sosial *facebook* jeung ngagunakeun ulikan léksikosémantik. Panalungtikan ngeunaan fiksimini relatif saeutik, ku kituna bisa ogé dipedar leuwih jero ngagunakeun pamarékan élmu lianna saperti disawang tina sastrana.
- 2) Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tulisan, ku kituna perlu panalungtikan séjén ngeunaan kecap serepan anu sumberna ditranskripsi dina wangun audio jeung média sosial séjénna anu can kapaluruh, sabab béda média sosial biasana béda ogé pamakéan kandaga kecapna.
- 3) Ayana kecap serepan basa Sunda anu can aya dina kamus basa Sunda. Ku kituna perlu tambahan kekecapan anyar dina kamus basa Sunda atawa nyieun kamus husus ngeunaan kecap serepan basa Sunda.